seen Boroom de Ku bari kersa la ku tedd la, dana kersawu ci jaam bi bu yëkkëtee loxoom jëme ci moom mu koy ba ña jox

Jële na ñu ci Salmaan -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: "seen Boroom de Ku bari kersa la ku tedd la, dana kersawu ci jaam bi bu yëkkëtee loxoom jëme ci moom mu koy ba ña jox".

[Tane na] [Abóo Daawuda soloo na ko, ak At-tirmisiy, ak Ibnu Maaja]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day ñaaxe ci yëkkëti loxo ci jamonoy ñaan, mu xamle ne Yàlla Aji-Sell ji ku bari kersa la, te du deñ di joxe, day defal jaam bi lu koy bégloo, dindil ko lu koy lor, ku tedd la day joxe ci lu dul ñu koy laaj kon naka lay deme ginnaaw bu ñu ko laajee! Day kersawu ci jaamam bi ko gëm mu delloo ay loxoom ginnaaw ba mu ko yëkkëtee ngir ñaan mu koy ñàkka nangul ñaanam ga.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5499